

BAB III

MÉTODOLOGI PANALUNGTIKAN

3.1 Sumber Data Panalungtikan

3.1.1 Data jeung Sumber Data

Sumber data anu dipaké dina ieu panalungtikan mangrupa data panalungtikan anu dicangking ti para informan, nya éta masarakat Kacamatan Cikatomas Kabupaten Tasikmalaya jeung data pustaka anu bisa ngalengkepan, sangkan data anu dicangking bisa ditalungtik klayan dasar anu jelas.

Nurutkeun Arikunto (2010, kc. 172), sumber data nya éta subjék anu ngarojong ti mana data panalungtikan bisa dicangking. Sacara gurat badagna, sumber data ngawengku tilu rupa, nya éta jalma, tempat, jeung keretas atawa dokumén

Sanggeus meunangkeun sumber data anu jelas, satulunya nya éta ngumpulkeun data ti sumber anu bisa dipertanggungjawabkeun. Dumasar kana hal-hal anu geus dipedar, data anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta data dongéng-dongéng anu aya di Kacamatan Cikatomas Kabupaten Tasikmalaya, tina hasil rékaman wawancara. Tempat anu jadi sumber datana nya éta Kacamatan Cikatomas Kabupaten Tasikmalaya.

3.1.2 Subjék Panalungtikan

Subjék panalungtikan dina ieu skripsi nya éta dongéng-dongéng anu aya di Kacamatan Cikatomas Kabupaten Tasikmalaya. Ku kituna, dina ngumpulkeun data panalungtikan dilaksanakeun wawancara ka sababaraha anggota masarakat anu aya di Kacamatan Cikatomas Kabupaten Tasikmalaya.

3.1.3 Profil Lokasi Panalungtikan

Lokasi anu jadi tempat panalungtikan dina ieu skripsi nya éta sababaraha désa anu aya di Kacamatan Cikatomas Kabupatén Tasikmalaya. Sacara Administrasi, Kacamatan Cikatomas kaasup wilayah Kabupatén Tasikmalaya Propinsi Jawa Barat. Lega wilayahna nya éta 15.692.685 Ha anu diwangun ku salapan désa/dusun nya éta désa Gunungsari, Cilumba, Pakemitan, Cogrég, Cayur, Léngkong barang, Sindang asih, Tanjung barang, jeung Lingga laksana.

Nurutkeun Rékapitulasi Laporan Régistrasi Penduduk ti Kacamatan Cikatomas, data penduduk anu aya di Kacamatan Cikatomas dina bulan April 2014, aya 48.241 jiwa kalyan penduduk anu lalaki aya 24.195 jiwa jeung penduduk anu awéwé aya 24.046 jiwa. Nilik kana kelompok umur masarakat Kacamatan Cikatomas, panglobana nya éta ti umur 5-12 taun, anu kadua ti umur 30-34 taun, jeung anu katilu ti umur 25-29 taun. Sakumna masarakat Kacamatan Cikatomas ngagem agama Islam, euweuh anu ngagem agama séjén salian ti agama Islam. Data atikan masarakatna, panglobana tamatan SD, anu kadua SMP, jeung anu katilu tamatan SMA, tapi lian ti data anu disebutkeun aya ogé tamatan paguron luhur nya éta S1 jeung S2 sanajan jumlahna henteu loba. Pakasaban masarakat Kacamatan Cikatomas, lolobana nya éta buruh jeung patani.

Mayoritas masarakat Kacamatan Cikatomas ngagunakeun basa Sunda dina kahirupan sapopoéna, sanajan aya sababaraha anggota masarakat anu ngagunakeun basa Indonésia. Penduduk mayoritasna nya éta penduduk asli tapi mémang aya ogé penduduk pendaatang.

3.2 Desain Panalungtikan

Desain panalungtikan nya éta rarancang panalungtikan sangkan prosés panalungtikan bisa lancar ti mimiti prak nepikeun ka ahir. Tujuanana nya éta sangkan bisa ngadéskripsikeun: 1) téks dongéng-dongéng anu aya di Kacamatan Cikatomas Kabupatén Tasikmalaya, 2) struktur carita dina dongéng-dongéng anu

aya di Kacamatan Cikatomas Kabupaten Tasikmalaya, 3) ajén atikan anu nyampak dina dongéng-dongéng anu aya di Kacamatan Cikatomas Kabupaten Tasikmalaya, jeung 4) nyusun bahan pangajaran maca dongéng di SMP kelas VII.

Dina ieu panalungtikan, aya sababaraha léngkah anu dilaksanakeun, nya éta 1) ngayakeun panalungtikan di Kacamatan Cikatomas jeung ngayakeun wawancara ka sababaraha masarakat, 2) ngadéskripsikeun téks dongéng-dongéng anu aya di Kacamatan Cikatomas, 3) ngaidéntifikasi struktur dina dongéng-dongéng anu aya di Kacamatan Cikatomas, 4) ngadéskripsikeun ajén atikan anu nyampak dina dongéng-dongéngna, 5) ngaidéntifikasi téks dongéng mana waé pikeun bahan pangajaran maca dongéng di SMP kelas VII, jeung 6) nyieun kacindekan tina hasil analisis data.

Bagan 3.1 Desain Panalungtikan

Tujuan Panalungtikan, ngadéskripsikeun:

1. Téks dongéng-dongéng anu aya di Kacamatan Cikatomas Kabupaten Tasikmalaya
2. Struktur dina dongéng-dongéng anu aya di Kacamatan Cikatomas Kabupaten Tasikmalaya
3. Ajén atikan anu nyampak dina dongéng-dongéng anu aya di Kacamatan Cikatomas Kabupaten Tasikmalaya
4. Bahan pangajaran maca dongéng di SMP kelas VII.



Ngayakeun panalungtikan di Kacamatan Cikatomas jeung ngayakeun wawancara ka sababaraha masarakat



Ngadéskripsikeun téks dongéng-dongéng anu aya di Kacamatan Cikatomas



Ngaidéntifikasi struktur dina dongéng-dongéng anu aya di Kacamatan Cikatomas



Ngadéskripsikeun ajén atikan anu nyampak dina dongéng-dongéng



Nyusun bahan pangajaran maca dongéng di SMP kelas VII



Nyieun kacindekan tina hasil analisis data

3.3. Métode Panalungtikan

Metode panalungtikan nya éta cara nu dipaké ku panalungtik dina ngumpulkeun data panalungtikan (Arikunto, 1996:150). Pikeun nyangking pangaweruh anu bisa ngahontal udagan panalungtikan, métode nu digunakeun dina panalungtikan ieu nya éta métode déskriptif dumasar kana pamarekan kualitatif. Tujuan métode déskriptif nya éta pikeun ngadéskripsiéun jeung ngaidéntifikasi ajén atikan dina dongéng-dongéng anu aya di Kacamatan Cikatomas Kabupatén Tasikmalaya, tuluy disusun jadi bahan pangajaran maca pikeun SMP/MTS kelas VII.

3.4. Wangenan Operasional

Sangkan henteu nimbulkeun rupa-rupa tapsiran kana ieu panalungtikan, tangtu diperlukeun keterangan anu patali jeung judul panalungtikan anu diwincik saperti ieu di handap.

- 1) Ajén atikan nya éta hal-hal normatif anu patalina jeung atikan, anu bisa didéskripsiéun.
- 2) Dongéng nya éta salasahiji karya sastra Sunda buhun anu diréka dina wangu lancaran (prosa), anu biasana ngandung unsur pamohalan, atikan, jeung amanat moral anu bisa dilarapkeun kana kahirupan sapopoé.
- 3) Kacamatan Cikatomas nya éta salasahiji Kacamatan anu aya di Kabupatén Tasikmalaya.
- 4) Bahan pangajaran maca nya éta salasahiji komponén anu aya dina KIKD mata pelajaran basa Sunda dina kurikulum 2013, anu miboga tujuan sangkan siswa wanoh tur ngarti kana dongéng anu jadi salasahiji bahan

pangajaran. Maca mangrupa salahiji kaparigelan basa dina prosés pangajaran anu ngagunakeun média bacaan. Ieu bahan bacaan mangrupa dongéng anu aya di Kacamatan Cikatomas Kabupatén Tasikmalaya.

Jadi, maksud tina judul “Ajén Atikan dina Dongéng-dongéng anu aya di Kacamatan Cikatomas Kabupatén Tasikmalaya pikeun Bahan Pangajaran Maca di SMP” nya éta salahiji tarékah pikeun ngadéskripsiéun téks dongéng, ajén atikan dongéng, struktur dongéng, sarta ngalarapkeunana dina bahan pangajaran maca di SMP kelas VII.

3.5 Instrumén Panalungtikan

Instrumén panalungtikan nya éta sakabéh alat atawa cara pikeun ngahontal udagan panalungtikan, saperti alat tulis, alat rékam, kaméra digital, jeung pedoman wawancara.

1. Kaméra digital

Kaméra digital digunakeun pikeun ngarékam data sacara audio-visual atawa visual hungkul, sangkan data panalungtikan anu dicangking bisa leuwih akurat. Salian ti éta, ieu pakakas digunakeun pikeun ngahasilkeun gambar anu jadi sumber data sarta ngadokuméntasikeun saupama aya bukti oténtik tina data panalungtikan.

2. Pedoman Wawancara

Pedoman wawancara nya éta pakakas digunakeun pikeun patokan wawancara ka masarakat di Kacamatan Cikatomas, sangkan data anu dicangking bisa sistematis tur jelas udaganana. Biasana eusina mangrupa patalékan-patalékan pikeun meunangkeun da

Table 3.1 Pedoman Patalékan dina Wawancara

INSTRUMÉN PENELITIAN INVÉNTARISASI FOLKLOR SUNDA DI WILAYAH KACAMATAN CIKATOMAS KABUPATÉN TASIKMALAYA	
A. RARATAN FOLKLOR	
1. Judul carita rayat:	
2. Nu nepikeun carita rayat:	
a. Ngaran:	
b. Umur:	
c. Jenis kelamin:	
d. Pakasaban:	
e. Pendidikan:	
f. Basa nu dipaké sapopoé:	
g. Padumukan/alamat:	
3. Asal-usul carita rayat pangna aya di dinya:	
4. Tujuan carita rayat dicaritakeun/dipagelarkeun:	
5. Dina acara naon éta carita rayat dipidangkeun:	
6. Fungsi carita rayat dipidangkeun: (dianggap karamat, sakral/ritual, hiburan).	
a. Baheula:	
b. Ayeuna:	
7. Genre carita rayat: (mite/ legenda, fabel, parabel, sagé)	
8. Wangun karangan carita rayat: (prosa, puisi, carita drama)	
9. Ringkesan eusi carita rayat:	
B. TITI MANGSA JEUNG TEMPAT NGAINVÉNTARISASI	
a. Titimangsa:	
b. Tempat:	
c. Waktu: (beurang, sore, peuting, isuk-isuk)	
C. NU NGAINVÉNTARISASI	
Ngaran:	
Umur:	
Jenis kelamin:	
Pakasaban:	
Padumukan/alamat:	

3.6 Téhnik Panalungtikan

Téhnik anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta téhnik ngumpulkeun data jeung téhnik ngolah data. Téhnik ngumpulkeun data jeung ngolah data ngawengku studi pustaka, obsérvasi, wawancara, jeung dokuméntasi.

3.6.1 Téhnik Ngumpulkeun Data

Sangkan bisa ngumpulkeun data kalayan lengkep, téhnik anu digunakeun nya éta téhnik studi pustaka, obsérvasi, wawancara, jeung dokuméntasi.

- 1) Studi pustaka dipaké pikeun manggihan rupa-rupa tiori anu dijadikeun acuan panalungtik pikeun ngalaksanakeun hiji panalungtikan.
- 2) Téhnik obsérvasi digunakeun pikeun ngumpulkeun data ngeunaan déskripsi téks dongéng sarta prak-prakan ngajarkeun matéri maca dongéng.
- 3) Téhnik wawancara digunakeun pikeun nyangking data sacara langsung ti informan anu apal kana dongéng-dongéng anu aya di Kacamatan Cikatomas Kabupatén Tasikmalaya, sarta meunangkeun data sacara lisan sangkan akurat.
- 4) Téhnik dokuméntasi digunakeun pikeun ngumpulkeun data dina wangun audio, visual, jeung audio-visual, anu bisa jadi patokan dina meunangkeun data panalungtikan

3.6.2 Téhnik Ngolah Data

Data tina hasil obsérvasi dikumpulkeun sarta dipasing-pasing (diklasifikasiun) saluyu jeung kabutuhan. Anu dipaluruh dina ieu panalungtikan nya éta déskripsi téks dongéng, struktur dongéng, ajén atikan dongéng, jeung

larapna hasil panalungtikan ieu kana bahan pangajaran maca dongéng di SMP kelas VII.

3.7 Tahap Nyusun Laporan

Tahap nyusun laporan mangrupa tahap anu pamungkas. Sabada data diolah jeung diidentifikasi, tuluy éta data disusun dina wangu déskripsi. Satuluyna ieu laporan disusun jadi skripsi dumasar kana pedoman penulisan karya ilmiah sarta meunang apingan ti dosén pangaping